


# Sistèm Sipò Milti-Nivo (MTSS)



**Travay ak lekòl la pou sipòte devlopman akademik, konpòtman ak devlopman sosyal-emosyonèl ptit ou a**

- Èske ptit ou a fè fas difikilte nan lekòl la nan domèn akademik, nan konpòtman oswa nan sosyal?
- Èske w te pale ak ekip lekòl ptit ou a konsènan MTSS?
- Nan ki fason ou ka sipòte aprantisaj ptit ou a
- Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou MTSS?



**Vizite paj resous MTSS a sou sitwèb PIC la:**  
<https://picofdel.org/type/mtss/>

# MTSS - SIPÒTE TIMOUN NAN OKONPLÈ




# Kisa Sistèm Milti-Nivo Sipò yo ye (MTSS)?

---

MTSS se yon estrikti ki fèt pou satisfè bezwen timoun nan okonplè atravè yon sistèm prevansyon entegre milti-nivo. MTSS sèvi ak lidèchip ki baze sou ekip, ak desizyon ki baze sou done, pou satisfè bezwen akademik ak non akademik tout elèv yo. Yo bay enstriksyon akademik debaz kalite siperyè ak pratik ki pa akademik kòm sipò inivèsèl pou tout timoun. Entèvansyon ak sipò ki baze sou done reyèl yo adapte ak bezwen elèv yo epi ki klarifye apati siveyans pwogrè kontinyèl ak evalyasyon adisyonèl.

MTSS se yon fason pou satisfè bezwen aprantisaj tout elèv yo. Li fè referans ak estrateji ansèyman ki baze sou done reyèl, entèvansyon ak lòt resous ki itilize pou ede tout elèv reyisi. MTSS baze sou prèv, epi li itilize metòd rezolisyon pwoblèm pou adrese enstriksyon akademik ak konpòtman ansanm ak entèvansyon, (FL MTSS, 2011). Lè yon lekòl itilize MTSS, yo anseye tout elèv yo menm kontni, men kèk elèv resevwa èd anplis lè sa nesèsè. Yon ekip lekòl revize pwogrè ptit ou a lè yo itilize done yo pou detèmine kijan pou yo sipòte bezwen ptit ou a.



# Kijan MTSS pral benefisyè ptit mwen an?

---

- MTSS konsantre sou timoun nan okonplè. Sa vle di yo pral sipòte bezwen akademik, konpòtman ak sosyal ptit ou a. Sa a gen ladan domèn akademik tankou lekti ak matematik, men tou konpòtman yo ak bezwen sosyal-emosyonèl yo ak sou fason ptit ou a kominike ak angaje ak kamarad li yo. MTSS adrese eksperyans aprantisaj ptit ou a okonplè.
- MTSS baze sou rechèch, epi sèvi ak prèv ak done ki baze sou fason pou pran desizyon lè y ap konsidere enstriksyon ak entèvansyon pou ptit ou a. Sa vle di yon ekip moun (ki gen ladan pwofesè ptit ou a) te revize yon kantite done, enkli kòmantè ou, pou devlope yon plan entèvansyon pou sipòte bezwen ptit ou a epi pou ede yo fè pwogrè.
- Si sa nesesè, ptit ou a ap resevwa sipò adisyonèl ki vize sou bezwen espesifik li y
- Entèvansyon yo pral byen koresponn ak bezwen espesifik ptit ou a
- Siveyans kontinyèl pwogrè ptit ou a pral jenere done k ap ede ekip lekòl la nan konsepsyon enstriksyon ak entèvansyon ki benefisyè ptit ou a.
- Rete an gwoup fleksib ap pèmèt ptit ou a deplase nan gwoup ak anviwònman pou resevwa enstriksyon ak entèvansyon ki pi apwopriye pou sipòte bezwen yo.
- Enfòmasyon sou aprantisaj ak pwogrè ptit ou a pandan ansèyman ak entèvansyon yo gendwa se yon avantaj pou detèmine si li ta satisfè kritè edikasyon espesyal yo

# Kiyès ki Responsab pou Bay MTSS?


---

Yon ekip ki baze nan lekòl la pou rezoud pwoblèm ap kowòdone pwoesis la. Yo rele ekip yo diferan non tankou ekip sipò ansèyman/entèvansyon, ekip pou rezoud pwoblèm, men, jeneralman yo sèvi menm wòl.

Anjeneral, ekip la gen 3-5 manm ekip prensipal ki gen youn nan pwofesè elèv ou a. Ekip sa a revize done elèv ou a epi sèvi ak done sa yo pou idantifye lòt bezwen elèv yo epi pran desizyon ki baze sou prèv yo kolekte nan done yo. Ekip la tou desine yon plan entèvansyon ki gen ladann:


- Done debaz (pèfòmans ptit ou a lè yo te evalye yon konpetans patikilye
- Objektif aprantisaj yo
- Kalite entèvansyon li pral resevwa
- Kalite echafodaj li pral resevwa pou ede I jwenn enstriksyon nan salklas la
- Yo kolekte done pou kontwole ak mezire pwogrè elèv ou a

Yo ap revize done ak pwogrè elèv ou a chak 6-8 semèn.




### **Nivo 1 - Enstriksyon Invèchè**

TOUT Elèv yo ap Resevwa Enstriksyon Nivo 1



### **Nivo 2 - Enstriksyon ki Vize**

Entèvansyon pou elèv ki bezwen plis sipò akademik, sipò nan konpòtman oswa sosyal-emosyonèl jan yo idantifye atravè done ak evalyasyon - elèv yo ap kontinye resevwa sipò Nivo 1.



### **Nivo 3 - Enstriksyon Entansif**

Entèvansyon pou elèv ki bezwen plis sipò akademik, sipò nan konpòtman oswa sosyal-emosyonèl avèk yon entansite elve nan divès anviwònma

# Kijan MTSS Enplemanter? Kisa Diferan Nivo Sipò yo ye?

Se yon gwo enkyetid pou fanmi yo ak pwofesè yo nan ki fason pou yo ede timoun yo ki gen difikilte pou aprann nan lekòl. MTSS se yon estrikti ki fèt pou satisfè bezwen timoun nan okonplè nan tout nivo sipò. Li enpòtan pou sonje kijan nivo yo pa vle di lokal; yo se nivo sipò yon elèv resevwa anplis nivo 1.

## Inivèsèl - Vize - Entansif Ak Anrichisman

### Nivo 1 - Inivèsèl

- Ansèyman kalite siperyè, ki annamoni ak estanda ak distri eta Delaware yo, pou tout elèv yo
- Yo itilize Enstriksyon Diferansye pou sipòte aprantisaj nan tout Evalyasyo
- elèv pou TOUT elèv yo te fè yo nan premye kat semèn yo nan ane lekòl la, oswa nan premye kat semèn apre yon elèv antre nan lekòl la 2yèm
- evalyasyon pou elèv yo idantifye ki nan posiblite pou bezwen sipò adisyonèl pou aprann (bezwen akademik, konpòtman oswa sosyal ak emosyonèl)
- ***Ekip ki Baze nan Lekòl la, pou Rezoud Pwoblèm,, dwe devlope yon plan entèvansyon pou elèv ki bezwen sipò Nivo 2***



**Nivo Sipò gradyèl yo siplémente, men yo pa ranplase sipò aktyèl elèv ou a ap resevwa. Elèv yo ap kontinye resevwa sipò Nivo 1 - Sipò inivèsèl tout pandan pwogrè yo atravè nivo yo**

# Kisa Diferan Nivo Sipò yo ye?

## Tier 2 - Targeted

Anplis Sipò Invèsel, elèv yo ap resevwa entèvansyon ki pi espesifik nan men anplwaye ki resevwa fòmasyon, ki vize yon konpetans oswa yon konpòtman espesifik, yo kapab bay an ti gwoup.

- Elèv yo ap resevwa sipò adisyonèl nan klas yo oswa nan anviwònman edikasyon yo nan men pwofesè yo oswa lòt anplwaye ki resevwa fòmasyon, jan sa detèmine selon bezwen elèv la.
- Entèvansyon yo baze sou done reyèl
- Y ap kolekte done epi y ap kontwole pwogrè pitit ou a
- Yon ekip ki baze nan lekòl la pou rezoud pwoblèm pral revize done pitit ou a pandan 6-8 semèn pou detèmine si yo bezwen plis evalyasyon, entèvansyon.

**Si yon elèv te fè pwogrè enpòtan epi kounye a sou wout pou l atenn objektif fen ane a, li ka kontinye resevwa entèvansyon Nivo 2 oswa yo ka dispanse nan sipò Nivo 2.**



**Nivo Sipò gradyèl yo siplemantè, men yo pa ranplase sipò aktyèl elèv ou a ap resevwa. Elèv yo ap kontinye resevwa Nivo 1  
- Sipò invèsel tout pandan pwogrè yo atravè nivo yo**

# Kisa Diferan Nivo Sipò yo ye?

## Nivo 3 - Entansif

**Entèvansyon Nivo 3 bati sou entèvansyon Nivo 1 ak Nivo 2 pou bay sipò entansif ak endividyalize ki baze sou bezwen.**

- Elèv yo ap kontinye resevwa entèvansyon entansif nan zòn yo idantifye dapre plan Entèvansyon MTSS ekip lekòl la devlope
- Entèvansyon elèv la ap resevwa yo baze sou done reyèl epi se anplwaye ki resevwa fòmasyon k ap bay yo
- Yo kapab bay entèvansyon yo an ti gwoup, oswa y ap kontwole
- Pwogrè sipò endividylèl pou detèmine si entèvansyon yo ap travay oswa si yo bezwen modifye.
- Elèv ki te fè pwogrè enpòtan epi ki kounye a sou wout pou atenn objektif fen ane yo, yo ka kontinye resevwa entèvansyon Nivo 3 ak yon nouvo sib, oswa yo ka bay entèvansyon Nivo 2.
- Elèv ki pa fè OKENN pwogrè nan direksyon objektif yo, oswa ki fè pwogrè men ki pa sou wout pou yo atenn objektif fen ane yo, yo ka kontinye resevwa entèvansyon Nivo 3 ak entansite ogmante, oswa yo ka refere yo pou yon premye evalyasyon pou sèvis edikasyon espesyal.



**Nivo Sipò etap pa etap yo siplemantè, men yo pa ranplase sipò aktyèl elèv ou a ap resevwa. Elèv yo ap kontinye resevwa sipò Nivo 1 - Sipò inivèsèl tout pandan pwogrè yo atravè nivo yo.**

# Eleman Esansyèl nan MTSS

## DE - MTSS gen ladan 5 eleman esansyèl

- Desizyon y ap Pran ki baze
- sou done Sistèm Lidèchip
- Nivo Sipò An Ekip
- Sistèm Evalyasyon Konplè
- Evalyasyon ak Seleksyon Resous Akademik ak Non-akademik, Sipò ak Entèvansyon

### Manm ekip mwen yo:

Sèvi ak lis sa a pou kenbe kontak enpòtan nan lekòl pitit ou a. Ekip lekòl pitit ou a gendwa pa gen tout manm ki anba a.

Administratè Lekòl: \_\_\_\_\_

Pwofesè \_\_\_\_\_

Edikasyon Espesyal Pwofesè \_\_\_\_\_

Sikològ Lekòl oswa Konseye \_\_\_\_\_

Entèvansyonis Lekti \_\_\_\_\_

Entèvansyonis Konpòtman \_\_\_\_\_

Lòt: \_\_\_\_\_

# Kesyon Moun Poze Souvan

## Kijan MTSS diferan avèk RTI oswa PBS?

RTI se yon apwòch ki bay elèv yo ansèyman akademik kontinyèl epi "reyaktif" ak entèvansyon pou elèv yo lè sa nesesè. PBS oswa PBIS Entèvansyon sou Konpòtman Pozitif ak Sipò (Positive Behavior Intervention & Supports) se yon apwòch gradyèl tou ki adrese konpòtman tout lekòl la epi ki pèmèt pwofesè yo bay elèv yo entèvansyon espesifik sou konpòtman lè sa nesesè. Toulede se estrikti ki adapte pou satisfè bezwen akademik ak konpòtman ak sosyal-emosyonèl tout elèv yo. Sa vle di lekòl la gen yon pwosesis kote yo ka entèvni anvan yon elèv tonbe dèyè swa nan fason akademik oswa nan konpòtman. Panse ak MTSS oswa Sistèm Sipò pou plizyè nivo kòm kombinezon RTI, PBS ak lòt sistèm yo - ki konsantre sou timoun nan okonplè.

## Sa k ap rive si ekip la di pitit mwen an ap fè pwogrè, men mwen pa dakò?

Pataje enkyetid ou ak pwofesè pitit ou a. Mande pou revize enstriksyon ak entèvansyon pitit ou a ap resevwa ak done ki montre pwogrè li yo. Sa a se yon gwo opòtinite pou ou menm ak ekip lekòl la travay ansanm pou adrese enkyetid ou yo epi asire elèv ou a ap resevwa bon jan sipò epi fè pwogrè.

**Ou se yon espè nan sa ki konsène  
pitit ou.**

**Pataje espètiz ou ak ekip lekòl pitit ou**



# Kesyon pou Poze Ekip Lekòl ou a

1. Kouman pitit mwen ap pwogrese nan lekòl la?
2. Ki jan konpòtman li ye pandan jounen an?
3. Ki jan pitit mwen an kominike avèk kamarad yo?
4. Ki pwosedi evalyasyon yo ap itilize ak pitit mwen an?
5. Ki pwogram espesifik akademik, konpòtman pozitif oswa sosyal-emosyonèl ak/oswa entèvansyon pwofesè a ap itilize ak pitit mwen an?
6. Ki jan yo kontwole pwogrè pitit mwen an epi kijan de done y ap kolekte?
7. Kijan yo pral sèvi ak done y ap kolekte sou pitit mwen an epi ki moun ki moun ki pral itilize yo?
8. Ki jan ansèyman ak/oswa entèvansyon nan salklas la koresponn ak bezwen pitit mwen an?
9. Nan ki pwen nan pwosesis MTSS mwen ka mande yon evalyasyon pou sèvis edikasyon espesyal?
10. Kijan mwen ka patisipe plis nan pwosesis MTSS ak pitit mwen an?
11. Ki done yo itilize pou deside si elèv yo bezwen resevwa sipò siplemantè?
12. Kijan pou mwen kapab rete enfòme sou sipò pitit mwen an pral resevwa?
13. Ki pwosesis ki genyen pou bay fanmi yo yon plan entèvansyon MTSS?



## **Fanmi yo enpòtan anpil nan siksè elèv yo epi yo jwe yon wòl enpòtan nan aplikasyon pou siksè MTSS.**

- Aprann plis sou Sistèm Sipò Milti-Nivo nan lekòl ptit ou a. Aprann sou
- Enstriksyon diferansye, ak kijan sa sanble, ak kijan ou kapab sipòte aprantisaj ptit ou a
- Jwenn plis enfòmasyon sou ekip MTSS lekòl/distri w yo. Kapab genyen opòtinite pou patisipe oswa pou bay opinyon enpòtan nan ekip ki nan lekòl
- yo. Aprann sou opòtinite pou bay komantè sou pwosesis lekòl la ak distri a pou chwazi resous, sipò ak entèvansyon

### **MTSS ak Aprantisaj Ibrid**

- Konsidere pataje nouvo enfòmasyon sou ptit ou a ki ka gen enpak sou aprantisaj li ak pwofesè ptit ou a, oswa ekip lekòl la. Sa ka gen ladan chanjman nan woutin, pèt yon manm fanmi, ogmante enkyetid sou konpòtman ak/oswa sosyal-emosyonèl.
- Epitou, panse ak angajman ptit ou a ak ajisteman nan aprantisaj sou entènèt, ki gen ladan nenpòt entèvansyon ak/oswa estrateji ki te efikas depi yo te aprann nan kay la epi pataje enfòmasyon sa a ak ekip la.



# APRANN PLIS KONSÈNAN MTSS



Paj Resous MTSS Depatman Edikasyon  
Delaware pou Fanmi ak Edikatè h t t  
[ps://www.doe.k12.de.us/mtss](http://www.doe.k12.de.us/mtss)

National Center on  
**INTENSIVE INTERVENTION**  
at American Institutes for Research ■

ILis Verifikasyon Estrateji Entansifikasiyon  
Entèvansyon. Lis verifikasyon sa a sèvi kòm yon  
gid pou ekip yo lè yo idantifye epi mete an  
aplikasyon entèvansyon nan nivo. h  
<https://intensiveintervention.org/>



Piblikasyon: Retounen lekòl: Konsiderasyon pou Elèv  
ki gen Bezwen Konpòtman ki Pi entansif  
<https://www.pbis.org/resource/returning-to-school-during-and-after-crisis>



Aprann plis konsènan MTSS, ansanm ak resous yo,  
vidéyo ak lòt enfòmasyon sou Paj Resous MTSS  
nou an! <https://picofdel.org/type/mtss/>

## Pou plis enfòmasyon, kontakte:

Jalee Pernol, M. Ed., Asosye Edikasyon, Sipèvizon Jeneral IDEA, Ko-Direktè Delaware SPDG,  
Gwoup Travay Resous Timoun Eksepsyonèl - Depatman Edikasyon Delaware



Pam Alfaro, Asosye Edikasyon, Boza Elementè Lang Angle, Ekip Sipò Akademik - Depatman  
Edikasyon Delaware

Delaware Department of Education  
401 Federal Street, Suite 2  
Dover, DE 19901